दिन– शुक्रवार दिनांक–13.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

---

बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा आइ आयोजित सत्तरम् संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा मे पेपर लीक के आरोप लगबैत अभ्यर्थी लोकनि पटना मे जमिकऽ प्रदर्शन कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे पटनाक कुम्हरार स्थित बापू परीक्षा परिसर मे परीक्षा समाप्त हेबा सँ पहिने छात्र लोकनि परीक्षा भवन सँ निकलिकऽ हंगाक करय लगलाह। छात्र लोकनिक आरोप छल जे हुनका प्रश्न पत्र निर्धारित समय सँ आधा घंटा विलंब सँ भेटल। संगहि, सोशल मीडिया पर ई प्रश्न पत्र दिन मे एक बजे वायरल भऽ गेल छल। छात्र लोकनि परीक्षा रद्द करबाक मांग कयलनि। पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह आ वरीय पुलिस अधीक्षक राजीव मिश्रा कुम्हरार पहुंचिकऽ प्रदर्शनकारी छात्र लोकनि के शांत करौलनि। एहि मध्य बिहार लोक सेवा आयोग पेपर लीक हेबाक संवाद के खारिज कऽ देलक अछि। आयोगक अध्यक्ष परमार रवि मनुभाई कहलनि अछि जे सत्तरम् बीपीएससी परीक्षा प्रदेशक नओ सय एगारह केंद्र पर शांतिपूर्ण माहौल मे संपन्न भेल। आकाशवाणी समाचार सँ बातचीत मे ओ कहलनि जे मात्र एक केंद्र पटनाक बापू परीक्षा परिसर मे किछु अभ्यर्थी हंगामा कयलनि, जखनकि उएह केंद्र पर गंभीर परीक्षार्थी लोकनि परीक्षा देलनि। अध्यक्ष कहलनि जे बापू परीक्षा परिसरक केंद्राध्यक्ष सँ एहि संबंध मे रिपोर्ट मांगल गेल अछि। रिपोर्ट अयलाक बादे कोनो कार्रवाई कयल जायत। विदित अछि जे ई परीक्षा आइ राज्यभरि मे छत्तीस जिलाक नओ सय बारह केंद्र पर आयोजित कयल गेल।

---

पटना मे नेत्र रोगक अतिविशिष्ट चिकित्सा लेल कोयम्बटूर स्थित शंकरा आई फाउंडेशन इंडिया आ स्वास्थ्य विभागक बीच समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक उपस्थिति मे स्वास्थ्य विभागक सचिव संजय कुमार सिंह आ शंकरा फाउंडेशनक प्रबंध निदेशक डॉक्टर आर. बी. रमणी समझौता पत्र पर हस्ताक्षर कयलनि। एकर अन्तर्गत राज्य सरकार फाउंडेशन के पटना मे एक दशमलव छओ एकड़ जमीन एक टाकाक टोकन राशि पर उपलब्ध कराओत। अस्पालक भवन निर्माण फाउंडेशन के करेबाक होयत।

समझौताक अनुसार अढ़ाई लाख सँ कम आमदनीवला परिवार के अस्पताल मे निःशुल्क इलाज होयत। संगहि, आनो मरीजक इलाज कम दर पर कयल जायत।

———————————————————————

लोकसभा मे आइ भारतीय संविधानक पचहत्तरि वर्षक शानदार यात्रा पर विशेष चर्चा शुरू भेल। चर्चा शुरू करैत रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कहलनि जे भारतीय संविधान सामाजिक, आर्थिक, राजनीतिक आ सांस्कृतिक जीवनक सभ संदर्भ के छूबैत राष्ट्र निर्माणक मार्ग प्रशस्त कयलक। ओ कहलनि जे संविधान देशक सांस्कृतिक मूल्यक अभिव्यक्ति अछि। विपक्षी दल कांग्रेस पर अप्रत्यक्ष रूप सँ आक्षेप करैत रक्षा मंत्री कहलनि जे पछिला किछु वर्ष मे संविधान के विशेष पार्टीक योगदानक रूप मे प्रस्तुत करबाक प्रयास कयल गेल छल। ओ कहलनि जे संविधान कोनो एक पार्टीक योगदान नहि अछि, अपितु ई भारतक मूल्यक अनुरूप अतुलनीय आ क्रांतिकारी दस्तावेज अछि। श्री सिंह कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे सरकार सबका का साथ, सबका विकास, सबका विश्वास आ सबका प्रयासक भावना सँ काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————

संसदक दुनू सदन मे दु हजार एक मे संसद हमलाक शहीद लोकनि के आइ श्रद्धांजलि देल गेल। दुनू सदनक सदस्य लोकनि वीर सुरक्षाकर्मी लोकनिक सम्मान मे मौन सेहो रखलनि।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक बंगरा थाना क्षेत्रक सरसौना गाम स्थित एक सिमेंट फैक्ट्री मे ट्रक सँ पीचाकऽ एक श्रमिकक मृत्यु भऽ गेलनि। घटनाक विरोध मे श्रमिक लोकनि फैक्ट्री प्रबंधनक विरूद्ध प्रदर्शन कयलनि। उग्र प्रदर्शनकारी पर पुलिस बल द्वारा लाठीचार्ज सेहो कयल गेल।

ओतहि, दोसर दिस जिलाक मुक्तापुर स्टेशन लग आरओबीक निर्माण काज शुरू करबाक मांग के लऽकऽ आइ रेल विकास मंच द्वारा धरना प्रदर्शन कयल गेल।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय समेत प्रदेशक सभ अदालत मे काल्हि राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल जायत। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु प्रकारक आपराधिक मामिलाक निष्पादन कयल जायत।

———————————————————————

सर्द पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेश मे ठंडा लगातार बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार खगड़िया, भागलपुर, मुंगेर, बांका आ जमुई जिला मे किछु स्थान पर शीतलहरक स्थिति बनल अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला पांच दिन मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग समस्तीपुरक पूसा राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान बारह दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

---

। समाप्त।